Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 22 (7526)
19 Май
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Имам Шамиль гьавуралдаса 225 сон

## ГIуцIиялъул комитет



Къойил темаялда аслияб суал букIана имам Шамиль гьавуралдаса 225 сон тIубаялде гьаризесел тадбиразул. Гьеб тадбир тIобитIиялъе гIуцIун буго республикаялъул кIваралъул гIуцIиялъул комитет, гьенир гьаризесел тадбиразул дандралелги руго.

Унсоколо район ккола кIудияв полководец имам Шамилил ВатIан. Гьев кIодо гьавиялъул тадбирал нилъеца тIаса рехизеги бегьуларо. Шамил имамасул нухалъул бицунел тадбирал гьаризе руго районалдаги. Гьенибго бетIерас тIадчIей гьабуна имам кIодо гьавиялъул тадбиразе районалдаги гIуцIиялъул комитет гIуцIиялда.

I6 маялда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана «АхIулгохI» (тарихиябгун культурияб ирс лъазабулеб) ДРООялъулнухмалъулевГъ.ГIабдулаевгун. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. Къ-М. ХIасанов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев ва цогидалги.

ДандчIвай

## Ихдалил призывалда хурхун



Ихдалил призывалда хурхун Рихьуни росдал нухмалъиялъ жамагIаталъулгун дандчIвай тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, росдал бетIер ГI. Шамсудинов, депутатазул корпусалдаса вакилзаби, ПДНалъул инспектор ХI-М. ХIасанов, росдал участковый, районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров, рухIиял вакилзаби, жамагIатчагIи ва цогидалги.

ДандчIваялда гьоркьор лъуна гIолохъанал гIадамал призывалде гIахьаллъиялъул, «горячая линия» гIуцIиялъул, армиялда хъулухъ гьабулезулгун гьенисан бухьен чIезабиялъул ва цогидалги захIмалъаби ругел суалал гьоркьор лъеялъул. «Горячая линия» гIуцIиялъул ва гьелъул тIалабазул нижеца араб материалалда бицун букIана. Гьениб бихьизабун букIана армиялда хъулухъ гьабизе ахIулев щивав гражданинасул налъи бугин армиялде ин.

ДандчIваялда рукIаразул суалазе жавабал кьолаго Унсоколо районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуровас тIадчIей гьабуна призывникал – срочникал Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялде ритIизе гьечIин.

Гьединал дандчIваял тIоритIизе руго районалъул цогидал росабалъги.

## Хал гьарият унел руго

I7 маялда районалъул Шамильхъала поселокалда ва Рихьуни росулъ неформалияб занятость гIодобе ккезабиялъе рейдал гьаруна ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIулаб группаялъ. Гьелъул мурад ккола налогазул органазда хъвай-хъвагIай гьабичIого предпринимательствалъул иш гьабулел тIатинари.

Хал гьариялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул, Россиялъул Унсоколо районалда бугеб УФНСалъул, гьединго районалда бугеб ОМВДялъул вакилзаби. Гьениб суал хъатIана районалда ругел туризмалъул объектазда.

Хадурккун гьединалго хал гьарият рукIине руго цогидал росабалъги.

Редакторалъул колонка

## «Россия хIажат буго россиялъулалги гьечIого»

Гьале лъабго моцIгIан заман ана Украиналъул ракьал да гIакълуялдалъун къимат кьезе бажаруларел рагъал унел ругелдаса. Бихьулеб букIахъе Украиналда бугеб гIурус миллатги гъурулаго бетIералда СШАгун НАТОялъ рагъ гьабулеб буго Россиялде данде ва гьелъ гIаданлъиялъул нормаби церего рехана. Чилъи, яхI-намус гIумроялъ букIунго батиларин ккараб хIалалъ жидерго мурадазе гIоло къеркьолел руго гьел.

Тамашалъи гьабизе бачIуна кIикъогогIан улка жанибе бачараб НАТОялъул нилъеде – Россиялде бугеб рокьукълъиялъ. Щиб гьеб кколеб? ГIилла щиб гьеб кутакаб рихиналъе яги гьанже дунялалдаго ритIухълъи бихьараб Россиялъухъ, гьелъул Президентасухъ жахIдацин гурищ гьезул бугеб?

Украина ва Белоруссия сверун бащдаб гIасру хIадурун бараб ярагъги лъун, нилъеде кIанцIизе гьез къасд




гьабураб мехалъ бахъана Россия Украинагун рагъде. ЛъимадулгIан гIакълу гьечIев Ж. Байденица чанцIулго гIайиб чIвана Россия кIанцIилин Украиналде,-абун. Гьелъ дагьабги къадру борхана дунялалда Россиялълъги нилъер Президентасулги. Амма бичIчIулареб жо буго цо; гIемерал саназ Россиялъ чIезабун буго СШАялъе газ, нефть, бензин, электорэнергия, семечкадул нах, ролъ ва киналгоян абизе бегьуледухъ продуктаби. Гьадинаб хIужаялде батила абулеб «гьан кьурас чехь бихьанин, чед кьурас бер бахъанилан». Нилъер украялъул ресурсаздасан бечелъизе НАТОялъе бокьун бугин ккола россиялъулал жаниса лъугIараб яги гьезда жидедаго цебе наку чIвазабураб бергьенлъи. КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер бахIарчилъиги бихьинчилъиги бихьичIебани гьез нилъ лъугIизариялъул ишал церего байбихьилаан. Западалъ цебе Совет Союзалде, гьанже Россиялде данде гьарулел къеркьеязе лъугIараб заманго букIинчIо. Гьеб гьабуна бактериалиял унтаби хIадурунцин.

Гьанжеялдаса II соналъ цебе къватIисел хIукуматазда вукIарав нилъер врач С. Ждановас къватIибе кьун букIана «Западалъе Россия хIажат буго россиялъулал жанир гьечIого»,- абураб доклад. Гьезул аслияб политика бичIчIарав россиялъулас нилъее жакъасеб къо букIине букIин рагьун букIана. Амма гьудуллъиялъул нухалда кинабго тIубазе бокьун батила; Россиялъ Западалъул квешабщинабги жанибго къвинабун, бацIилги царалги гIадаб гьудуллъи нухда бачунеб букIана гIемерал саназ.

**(Ахир 4 гьумералда)**

Гьал къоязда РДялъул БетIер С. Меликовас Советалъул заседаниялда бихьизабуна Дагъистаналда инвестпроектазе лъун бугин 380 млрд. гъурущ гIарац. Гьелъ лъикIаб асар гьабулеб буго экономикияб меха низм лъикIлъиялъе. С. Меликовасул рагIабазда рекъон инвестиционнияб портфелалда жаниб гьабсагIаталда буго 49 проект.
Гьелъул хIакъалъулъ гIатIидго цIале РДялъул БетIерасул порталалда.



Субботник – акция

# Живописнияб бакIалда – волонтеразул акция



Гьал къоязда Майданское росдал сверухълъиялъул живописнияб бакIалда букIана кIудияб ТIолгороссиялъулаб волонтеразул «Вода России» рамкаялда жаниб лъел хIорал, гIорал, лъарал ругел бакIаздасан сверухълъи мусоралдаса бацIцIад гьабиялде буссараб экологиялъулаб акция. Гьеб гIуцIун букIана миллияб «Экология» проекталда рекъон. РФялъул тIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул Министерствалъул хIаракаталдалъун гьеб тIобитIулеб буго 9 нухалъ.

Арал гIодоркъоэз анлъго муниципалитетги гьоркьобе бачараб акция букIана нилъер районалда, гьединго гьенир гIахьаллъана Россиялъул чIахIиял шагьараздаса Унсоколо районалде акциялда гIахьаллъизе рачIарал гIадамал. Унсоколо районалда цIакъго лъикI гIуцIула гьединаб тадбир, кумек гьабуна гьеб лъикI иналъе, ай чIезабуна хIалтIизе ресал гуребги хинаб квен, хIалтIулезе хIинкъи гьечIолъи, санагIатаб техника, мусор баччиялъе техника.

Гьединго тадбиралъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Хьаргаби районалъ, гьезул районалда гIагарлъухъанги унеб букIана мусор бакIариялъул хIалтIи. ГIахьаллъана гьединго жидеего бокьун рачIарал ва лъимал. Бищунго гьитIинав гIахьалчиясул гIумроялъул букIана 8 сон. Волонтёразда гьоркьор рукIана Унсоколо, Хьаргаби, Лак, Касумкент, Лаваша, ГIахъуша районаздаса волонтерал.

Тадбир рагьулаго Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас салам кьуна акциялъул гьалбадерие ва бихьизабуна цереги тIоритIанин районалда гьединал акциял, гьеб кинабго бухьараб бугин тIабигIат, экологиялъул цIакъ хIажатал рахъал ругин хIисабалдеги росун, гьеб рацIцIадго цIуниялъул мурадалда,-абун.

«Ниж цIакъ рохарал руго гьаб гIуцIараб акциялдаса. РДялъул тIабигIатгун экология цIуниялъул Министерствалъ, киналго муниципалитетазул бутIруз, волонтераз рахъ кколеб буго акциялъул, рикIкIадал бакIаздаса рачIун руго гIадамал мусорадаса тIабигIат бацIцIад гьабизе. КIудияб захIмалъи буго нилъер лъадал рагIаллъабазда мусор бакIарулеб букIиналъ. Гьеб лъугIизабиялъе гьабсагIаталдаго хIалтIиги гьабизе ккола. Гьеб рахъалъ гьабсагIаталда хIаракатаб хIалтIи унеби буго. Дида ракIалде ккола цадахъ рекъон нилъеца лъикIал хIасилал рукIинарилин»,-ян тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.



Гьединго акциялда гIахьаллъи гьабуна РДялъул тIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул министрасул ишал тIуралев И. Ибрагьимовас, Россиялъул пачалихъияб комитеталъул лъел ресурсазул экономикаялъул, федералияб буголъиялъул департаменталъул директор Р. Минухиница, РФялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутат, ООНалъул лъикIал къасдазул посол, ТIолгороссиялъул тIабигIат цIуниялъул обществалъул пред. В. Фетисовас, РФялъул лъадал магIишат цебетIезабиялъул комплексалъул Централъул директор, «Вода России» акциялъул аслияв идеолог И. Разбашица, артистка ва телеведущая Ю. Михалковалъ, гьединго гIахьаллъана волонтёразул организациял, проктал ва цогидалги. Гьабураб хIалтIи бихьизабизе рачIун рукIана «Комсомольская правда», «Истина» газетазул мухбирзаби, «Дагестан» РГВКялъул репортерал ва гь. ц.

Киналго акциялъул гIахьалчагIазе гIуцIун букIана хинаб квен ва гьекъолел жал. Мусор бакIарун хадуб букIана рокцентралъулаб бутIа. Гьенир цере рахъана «Унцукуль» ва «Гергебиль» вокалиялгун хореографическиял ансамблял. Акциялъул гIахьалчагIаз гьаракь бугел хъатчIваяздалъун кIодо гьаруна цере рахъарал. Тадбир ана кутакалда хинаб, гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда.

РакI- ракIалъулаб баркала загьир гьабула гьеб къоялъ аскIор чIаразе. РацIалъи байбихьула нилъер щивасдасан. РачIа щивас гIолеб гIелалда бихьизабилин тIабигIат цIуниялъул мисал!



**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 22 (7526)
Хамиз
19 Май 2022 сон



**Садовод**

Страница в номере



# Порядок возмещения денежных средств при получении медицинской специализированной помощи в рамках Территориальной программы Обязательного медицинского страхования (ТПОМС)

Граждане, застрахованные в системе ОМС, имеют право на бесплатную медицинскую помощь в рамках территориальной и базовой программ государственных гарантий ОМС. Однако результаты опросов, проводимых по инициативе ФОМС показали, что иногда пациенты стационаров несут дополнительные расходы. Всегда ли можно вернуть затраченные средства?

Возврату подлежат средства, уплаченные пациентом за услуги, медицинские изделия и лекарственные средства, которые предоставляются в рамках программы государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи в соответствии с территориальной программой ОМС. Для начала необходимо определиться, что положено бесплатно. Чтобы получить необходимую информацию, необходимо обратиться к территориальной программе государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи. Чаще ее называются программой ОМС.

Программа утверждается правительством региона и содержит объемы оказываемой бесплатно медицинской помощи (консультации, процедуры, исследования и т.д.) и ее стоимость, а также перечень препаратов, предоставляемых бесплатно пациентам, получающим лечение стационарно. Можно узнать у лечащего врача и (или) в страховой медицинской организации(СМО) о возможностях получения бесплатной медицинской помощи по полису ОМС. Основания для возврата средств есть в случае, если мероприятия по лечению пациента финансировались из средств ОМС, а пациент при этом понес дополнительные расходы. Необходимо отметить, что возврату подлежат препараты, купленные застрахованным лицом, которые назначил лечащий врач и об этом имеется запись в медицинской документации-в истории болезни. Еслипациент купил лекарство по собственной инициативе, то возврата не будет.

Для возврата средств необходимо составить письменное обращение в СМО илитерриториальное отделение ФОМС, для определения обоснованности обращения.

Обращение в виде письменного заявления составляется в произвольной форме. Необходимо указать желание вернуть сумму понесенных расходов за медицинскую помощь, которая не была предоставлена бесплатно. К ней нужно приложить копии документов, подтверждающих оплату медицинских услуг, покупку лекарственных препаратов и медицинских изделий (чеки, накладные). Это касается только лекарственных препаратов, входящих в перечень жизненно необходимых и важнейших лекарственных препаратов (ЖНВЛП). На основании обращения пациента, (СМО) проводит экспертизу, в ходе которой устанавливается соответствие полученной медицинской помощи стандартам ее оказания, а также объем финансирования лечения пациента за счет средств ОМС. СМО даёт письменный ответ в течение одного месяца пациенту с результатами проведенной экспертизы. Если обращение признано обоснованным, то необходимо обратиться в медицинскую организацию, со всеми подтверждающими документами, в которой пациент получил лечение, для возврата своих затраченных денежных средств.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

# Стартовал прием заявок на получение субсидий в рамках госпрограммы развития горных территорий

Минэкономразвития РД сообщает о старте приема заявок на предоставление субсидий в рамках реализации государственной программы «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан».

Субсидии могут получить предприниматели, зарегистрированные и осуществляющие хозяйственную деятельность в горных территориях республики на протяжении последних трех лет.

Господдержка в рамках программы осуществляется по шести направлениям. В частности, субсидии сельхозпроизводителям предоставляются на возмещение до 50% затрат на приобретение оборудования по производству промышленной продукции или пищевой продукции и напитков, строительство теплицы или оптово-логистического центра хранения продукции (овощехранилище, фруктохранилище), покупку малогабаритной сельскохозяйственной техники или закладку садов интенсивного типа для лиц, ведущих личные подсобные хозяйства.

В предыдущие годы размеры субсидий варьировались от 50 тыс. рублей до 3 млн рублей. После внесения изменений в программу в текущем году минимальная сумма возмещения затрат увеличена с 50 тыс. рублей до 200 тыс. рублей (по малогабаритной сельскохозяйственной технике) и 500 тыс. рублей (на закладку садов интенсивного типа).

«Введение санкций и как следствие, проблемы с логистикой, отражаются на изменении цен на оборудование и малогабаритную сельскохозяйственную технику. И в такой ситуации, не прибегнув к увеличению размера субсидии, поддержка наших сельхозпроизводителей была бы маловозможной», - прокомментировал инициативу Арсен Рустамов.

Прием заявок осуществляется в Минэкономразвития РД и МФЦ РД и продлится до 24 июня 2022 года.

С условиями и перечнем необходимых документов можно ознакомиться в разделе «Развитие горных территорий».

**Справочно:**

Программа «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» реализуется Министерством экономики и территориального развития РД с 2019 года.

Цель программы – вовлечение имеющегося потенциала горных территорий в экономически активный оборот, оказание государственной поддержки в реализации инвестиционных проектов и стимулирование развития бизнеса в горных территориях, а также сохранение численности населения и сокращение темпов миграционного оттока населения из населенных пунктов горной зоны республики.

# Правила противопожарной безопасности

За 2021 год на территории республики произошло 2778 пожаров, при которых погибло 29 человеки спасено 391, а с приближением летнего периода риск возникновения пожаров возрастает, всвязи с чем просим Вас соблюдать следующие правила пожарной безопасности для пребывающихв детском оздоровительном лагере:

Просьба разъяснить детям, что - за нарушение правил пребывания в лагере и действующего законодательства (воровство,аморальное поведение, самовольные действия, которые могут нанести вред его здоровью илиздоровью окружающих, курение, прием алкогольных напитков или наркотиков, и т.п.) ребенокможет быть досрочно отчислен из лагеря и доставлен домой за счет родителей;

- за причиненный ущерб имуществу лагерю ответственность несут родители ребенка.



**Для детей:**

Общие правила поведения детей (подростков) в лагере.

1.Необходимо соблюдать режим дня лагеря, общие санитарно-гигиенические нормы (умываться, причесываться, принимать душ, одеваться по погоде и т.д.).

2.Каждый ребенок (подросток) обязан соблюдать все установленные в лагере правила, в том числе правила противопожарной безопасности, правила проведения морских купаний, экскурсий, автобусных поездок, походов и т.п.

3.Ребенок (подросток) обязан быть вместе с отрядом. При необходимости отлучиться обязательноразрешение своего вожатого.

4.Выход за территорию лагеря допускается только с разрешения начальника смены (или директора) и только в сопровождении вожатого.

5.Каждый ребенок (подросток) и сотрудник лагеря должен беречь зеленые насаждения натерритории лагеря, соблюдать чистоту.

6.Нельзя есть незнакомые ягоды, плоды.

7.В случае ухудшения самочувствия необходимо сообщать вожатым.

8.Необходимо соблюдать правила поведения в общественных местах - словами, действиями иповедением не мешать окружающим, не оскорблять их эстетическое чувство.

9.В лагере запрещается курить и употреблять спиртные напитки, в том числе пиво.

10.Необходимо бережно относиться к личному имуществу и имуществу лагеря.

**Правила противопожарной безопасности.**

1.Необходимо знать план эвакуации спального корпуса. В случае обнаружения признаков возгорания незамедлительно покинуть здание и сообщить любому взрослому.

2.Запрещается разводить огонь в помещениях, на территории лагеря и в походах.

3.Не разрешается пользоваться электроприборами без разрешения вожатого.

4.В лагере курить запрещено.

5. Легковоспламеняющиеся предметы следует сдать на хранение вожатым.

6.Не разрешается трогать провисающие, торчащие провода. О наличии таких проводов следует сообщить вожатому.

# «Россия хIажат буго россиялъулалги гьечIого»

Гьезда божун цолъизаруна банкал, пуланаб хIалалъ гIодобегIан багьагун тун гъурущгин, рорхатго ккун рукIана долларал, евроял, тIеренабго божилъи гьечIеб гьудулъи бачана нилъеца нухда.

Амма кинго нилъ хIехьезе кIвечIо НАТОялда. ЗахIмат буго гьезие Россия къуватаблъун букIин, гьелъул данде ккезе аналогал гьечIеб ярагъ



буголъи, рагъулъцин гIаданлъи цIунун бажари. Гьез гьарурал гIаданлъиялдаса рахъарал ишал цере ругелъулха.

Нилъер чилъиялъулал хаслъаби рихинарун гIадамазул гIамал-хасият хвезабулеб политикацин бачунеб буго гьез. Амма нилъер президентас бихьинал-руччаби цадахъаб гIумроялде гIунтIун дандечIей гьабуна нилъер обществалъе деградация кьолеб гьезул политикаялда, гьеб кинабго кIалагъоркье чIвайдал гьабизе жо тIагIарав ва бетIер сверарав Байденица гьари бана ООНалде рагъ гьабизе. Амма гьенибги битIичIо гьезие; лъикI хIалтIичIо гьезул фейкал, къватIир чIвана Россиялъул гIаданлъи гьечIолъи бихьизабулел гьерсал. Гьанже гьезул туснахъал-рагъухъаби жалго рачIунел руго гIадан вичIчIулел, медицинаялъул хъулухъги гьабулел нилъеразухъе кверде. Ахир-къадги хисила инсаниятаlъул пикро, дунялалъулго къватIисел пачалихъазул бугьтанчагIиги къватIир чIвала.

Амма кинго бичIчIуларо нилъер гIадамазул гIакъу; улка тун арал бизнесменал, артистал ва гь. ц. Гьезул къватIир рукIарал счетал къана, гIарац щвезе течIо… Хадубккун щибдай букIина?

Щивасухъа бажараги гьаб лъикIабги квешабги батIа гьабизе бажарулареб заманаялъ гIакълу цебе ккезабун. ГьитIинаб заманаялъ дида чIахIияз бицунеб рагIун букIана «гьереси ритIухъ гьабулеб битIараб гьересилъулеб» заман бачIинин. Гьеб тIаде щун бугин нилъеда,-ян ккола дида. Камилаб г1акълуялъул лъугьараб х1алалъе хехго къимат кьун бажарулев Президент вуго нилъер. Гьесул нухмалъиялда нилъ киданиги мекъи ккезеги гьеч1о.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**
**Районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор.**

# Внимание, Агротуризм!

Министерство сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан в целях обеспечения софинансирования расходных обязательств Республики Дагестан по предоставлению сельскохозяйственным товаропроизводителям (за исключением личных подсобных хозяйств), относящимся к категории «малое предприятие» или «микропредприятие» в соответствии с Федеральным законом «О развитии малого и среднего предпринимательства в Российской Федерации», грантов на развитие сельского туризма в рамках федерального проекта «Развитие сельского туризма» Государственной программы развития сельского хозяйства и регулирования рынков сельскохозяйственной продукции, сырья и продовольствия, утвержденной постановлением Правительства Российской Федерации от 14 июля 2012 г. N 717 «О Государственной программе развития сельского хозяйства и регулирования рынков сельскохозяйственной продукции, сырья и продовольствия» просит направить заявочную документацию для предварительного отбора на 2023 год и плановые 2024 -2025 года в реализации мероприятий «Развитие сельского туризма» Государственной программы в срок до 30 мая 2022 года в адрес Минсельхозпрода РД.

Заявочная документация представляется согласно формам, размещенным в разделе Агротуризм

# Распоряжение главы МО «Село Ирганай»

Руководствуясь правилами проведения конкурса или аукционов на право заключения договоров аренды, договоров безвозмездного пользования, договоров доверительного управления имуществом, иных договоров, предусматривающих переход прав в отношении государственного или муниципального имущества, утвержденными приказом Федеральной антимонопольной службы Российской Федерации от 10.02.2010 г. №67.

1.Провести открытый аукцион на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 833657 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:395.

2.Утвердить:

1) извещение о проведении аукциона на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 833657 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:395.

2) документацию об аукционе на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 833657 кв.м.

3) Заместителю главы МО «село Ирганай» Абдуразакову Артуру Абдулгамидовичу ответственного за осуществлением муниципального земельного контроля на всей территории МО « село Ирганай» организовать размещение извещения о проведении аукциона и документации об аукционе на сайтах mo-irganay.ru ; http://www.uncukul.ru/; и на районной газете «САДОВОД» и на официальном сайте-torgi.gov.ru

4) Контроль над выполнением данного распоряжения оставляю за собой.

**Джамалудинов У. Х.**
**Глава администрации МО «село Ирганай»**

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «село Ирганай» в лице зам. главы Абдуразакова Артура Абдулгамидовича сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 22.04.2022 по 01.05.2022 года (включительно) в Администрацию МО «село Ирганай» по адресу РД. Унцукульский район. с. Ирганай. ул. Имама Шамиля д.18

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтовой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: участок площадью 833657 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:395, категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан , Унцукульский район, с.Ирганай, категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с.Ирганай.

Арендная стоимость установленный ООО «Институтом профессиональной оценки» - 1) земельный участок площадью 833657 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:395– 80747 (восемьдесят тысяч семьсот сорок семь) рублей в год.

**Справки по телефону; 89634083506.**


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br><br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br><br>**Главный редактор**<br><br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br><br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br><br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район**<br>**п. Шамилькала**<br>**ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора**<br>**89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать - 16. 5. 2022 г. 16.40<br>фактически -18. 20 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |